



NYSAN

NEW YORK STATE AFTERSCHOOL NETWORK

**Zouti Oto-Evalyasyon Kalite
(QSA) pou Rezo Pwogram
Apre-Lekòl Leta Nouyòk
(NYSAN), 2yè Edisyon**

Byenveni!



Zouti Oto-Evalyasyon Kalite (QSA) pou Rezo Pwogram Apre-Lekòl Leta Nouyòk (NYSAN) se yon enstriman founisè pwogram edikasyon non-fòmèl yo itilize pou evalye kalite pwogram yo a epitou pou ede anplwaye ak moun ki entere se yo kreye yon plan-dakson pou amelyorasyon kontini pwogram nan. Zouti QSA se yon resous ki devlope sou eksperyans, konesans, ak rechèch pratisyen ak responsab pwogram apre-lekòl yo toupatou nan peyi a.

Estrikti Zouti QSA

Zouti QSA se yon zouti ki òganize nan dis (1) eleman debaz yon pwogram apre-lekòl efikas, tout eleman sa yo sòti nan pratik ki baze sou prèv. Anba chak eleman, genyen yon lis endikatè kalite. Yon asterisk (*) ki toupre yon endikatè vle di li empòtan pou abòde endikatè a anvan pwogram nan kòmanse oswa, pou pwogram k ap opere yo nan moman an, san pèdi tan.

Lè ou abòde chak endikatè, w ap bay pwogram nan yon nivo pèfòmans ant 1 – 4. Ou ta dwe diskite sou rezulta klasman sa yo ta kòm yon gwoup pou kapab vin genyen yon pèspektiv konplè sou pwogramasyon, operasyon ak kontwòl yon lokal. Sistèm klasman nivo pèfòmans Zouti QA prezante konsa:

4 : Ekselan/Depase Estanda

Prepare pou ede ak travay avèk lòt yo nan domèn sa a.

3: Satisfézan/Satisfè Estanda

Bezwen èd pou prepare anplwaye pou travay avèk lòt yo nan domèn sa a.

2: Gen Pwogrè ki Fèt/Prèske Rive nan Estanda

Ta kapab itilize asistans adisyonèl detèmine nan domèn sa a.

1: Dwe Abòde ak Amelyore/Pa Satisfè Estanda

Bezwen anpil sipò nan domèn sa a.

Òganizasyon yo dwe fè efò pou yon nivo (3) pèfòmans satisfézan nan tout endikatè kalite nan chak nan dis (1) eleman kalite pwogram yo. Apre yon peryòd tan, pwogram yo ta dwe kontinye fè efò pou yo rive nan yon nivo (4) pèfòmans ekselan. Nan nivo pèfòmans sa a, òganizasyon yo montre prèv yon fason konsistan pou pwomès pratik n nan tout eleman pwogram nan, yo sèvis kòm yon modèl pou lòt pwogram apre-lekòl, epitou yo devlope ak sipòte anplwaye yo pou yo ta kapab sèvi kòm monitè ak gid pou lòt pratisyen yo.

Planifikasyon ak Amelyorasyon Pwogram nan Avèk Zouti QSA

Pwosesis oto-evalyasyon an ofri tout eleman debaz planifiaksyon ak amelyorasyon pwogram nan, tankou fason pou idantife domèn ki bezwen amelyorasyon yo, fason pou fikse objektif ak kalandriye, fason pou jwenn resous, ak fason pou afekte responsabilite pou estrateji yo. Pou pwogram ki deja genyen yon pwosesis pou amelyorasyon pwogram, tankou reyinyon chak ane, yo kapab entwodui itilizasyon Zouti QSA oswa yo rezulta Zouti QSA nan pwosesis la epitou yo kapab ede gide konvèrsasyon yo. Kote ki antre nan Zouti QSA se kote ki deziyen pou bay priyorite pou efò amelyorasyon an lè yo make efò yo kòm bezwen amelyorasyon "kounye a," "ane sa a," oswa "Ane Pwochén." Chak pwogram ta dwe kreye yon plan-dakson pou amelyorasyon apre yo fin fè oto-evalyasyon an.

Eleman 1: Anviwònman/Klima

Yon pwogram kalite ofri yon anviwònman pwoteje, ki bon pou sante ak antreteni pou tout patisipan yo, anplwaye yo, ak fanmi yo.

Yon pwogram kalite:

- *Ofri yon anviwònman ki bay ankourajman, akèy ak sipò pou tout jenn moun yo.
 - *Itilize espas pwogram ki pwoteje ak pwòp.
 - Genyen espas pwogram ki ekipe yon fason apwopriye epi ki konv nab pou aktivite k ap fèt yo.
 - *Devlope, egzekite, ak pataje plan sekirite ak pwosedi apwouye yo avèk anplwaye yo ak fanmi yo.
 - *Ofri sekirite apwopriye epi yon adilt yo apwouye ap sipèvize patisipan yo toutan.
 - *Devlope ak kontwole pwosedi lè pou rive ak lè pou ranvwaye epitou li planifye kijan pou ale lakay san pwoblèm.
 - *Ofri repa lejè ak/oswa soupe fòtifyan ki bon pou sante.
 - *Okouran dosye yo, epi fè anplwaye yo konnen bezwen sante espesyal patisipan yo.
 - Fè tout egzèsis antrènman pou deplase pou dife/sekirite.
 - Genyen yon kilti ki pèmèt patisipan yo pran inisyativ ak egzamine enterè yo.
 - Kreye, antreteni ak kominike kòd konduit pou patisipan yo, anplwaye yo ak fanmi yo.
 - Aplike rekonpans ak règleman pou konduit patisipan yo yon fason ki apwopriye ak konsistan.
 - Rekrite ak akeyi aktivman jenn moun andikape yo.
 - Ankouraje sekirite sikolojik ak emosyonèl avèk èd yon sipò kilti, enklizyon, ak respè youn pou lòt.

Eleman 2:

Administrasyon/Öganizasyon

Yon pwogram kalite genyen sistèm ak bon kontwòl fiskal ki byen devlope pou sipòte ak amelyore pwogramasyon ak aktivite enteresan pou tout patisipan yo.

Yon pwogram kalite:

1. *Mete anplas egzijans fòmèl pou prezans ak patisipasyon.
2. Genyen yon sistèm pou rasanblaj ak kontwòl done prezans patisipan yo.
3. *Antreteni tout dokiman ki nesesè yo (pa egzanp, batistè, sètifikasi sekirite, asirans, elatriye) kote sa kapab aplike.
4. *Kreye ak itilize yon tiliv enfòmasyon pou anplwaye ki eklèsi règleman ak pwosedi entèn yo.
5. *Genyen dokiman anwolman/anrejistremant ki konplè ak ajou pou tout patisipan yo.
6. Konsève dosye medikal ki egzat ak aksesib sou patisipan yo.
7. *Genyen yon griy salè fòmèl pou anplwaye pwogram nan.
8. *Genyen metòd komunikasyon byen defini avèk moun ki enterese nan pwogram nan.
9. Genyen yon bidjè ki apwouve, revize ak ajiste bidjè a chak peryòd tan.
10. Mete anplas ak antreteni yon baz done santralize patisipan yo ak enfòmasyon sou pwogram nan.
Anplwaye yo fè mizajou regilyèman nan baz done yo ak nan enfòmasyon yo, epitou yo kapab itilize yo.
11. Fè tout rapò ki nesesè yo epi soumèt yo nan yon mannyè ki apwopriye.
12. Asire materyèl yo òganize, antreteni ak aksesib.
13. Anrejistre ak swiv depans yo.
14. Konfòme avèk otorizasyon gouvènman an.*
Dat dènye lisans, si genyen: _____
15. Antreteni orè aktivite ki ajou ak egzat avèk asiyasyon nan sal yo.
16. *Devlope yon plan, revize plan an epi fè mizajou ladan pou patisipasyon fanmi yo.
17. Negosye utilizasyon ideyal lekòl, CBO, ak resous kominate a pou pi byen satisfè bezwen patisipan yo ak fanmi yo.
18. *Endike nan dokiman kote patisipan yo ye pandan orè pwogram nan.

Nivo Pèfòmans				Plan Pou Amelyore		
1	2	3	4	Kounye a	Ane sa a	Ane Pwoch èn

Eleman 3: Relasyon

Yon pwogram kalite devlope, antreteni, epi toujou genyen relasyon ak komunikasyon pozitif pami anplwaye yo, patisipan yo, fanmi yo ak kominote yo.

Yon pwogram kalite:

- *Genyen anplwave ki gen respè youn pou lòt, ki kominike youn avèk lòt epi ki se modèl relasyon adilt pozitif.
 - *Kominike avèk fanmi yo yon fason agreyab, ki montre respè epi ki akeyan.
 - *Trete patisipan yo avèk respè epi koute sa y ap di.
 - Montre patisipan yo kijan pou youn kominike avèk lòt nan fason ki pozitif.
 - Montre patisipan yo kijan pou yo fè chwa responsab epitou ankouraje rezulta pozitif yo.
 - Respekte kilti ak lang patisipan yo.
 - Mete anplas kolaborasyon serye avèk kominote a.
 - Devlope yon sans kominote pami patisipan yo.
 - Estriktire pou kreye bon jan relasyon pwolonje ant patisipan endividye ak adilt konpreyansif.
 - Pwograme reyinyon yo avèk prensipal moun ki konsène li yo.
 - Ankourage ansyen patisipan yo pou y patisipe kòm volontè oswa kòm anplwave.

Eleman 4: Anbochaj/Developman Pwofesyonèl

Yon kalite pwogram rekrute, anboche, ak devlope plizyè anplwaye ki konprann, apresye, ak ankouraje bon kalite pratik.

Yon pwogram kalite:

- *Genyen yon direktè pwogram ki angaje nan pwòp devlopman pwofesyonèl li epi ki asiste ak patisipe nan fòmasyon an.
 - *Rekrite, anboche, ak devlope anplwaye ki eksprime divèsite ak kilti (yo) kominote a.
 - Trete anplwaye yo kòm pwofesyonèl epi ofri yo opòtinite pou pwogrè.
 - *Asire manm pèsonèl la genyen konpetans nan matyè debaz yo, lè li apwopriye.
 - Ofri devlopman kontini pou anplwaye yo pou kapab angaje ak konsève anplwaye yo.
 - *Kenbe rapò anplwaye-pou-patisipan selon règleman leta lè li aplikab.
 - *Ofri kondisyon travay pozitif pou anplwaye yo ak sipèvizon, sipò ak remak ki apwopriye.
 - Evalye bezwen devlopman pwofesyonèl anplwaye yo, epitou ofri yo sipò apwopriye tankou fòmasyon, antrènman, gid, ak aprantisaj ant patisipan yo.
 - Gen direktè ak anplwaye pwogram ki konfòme yo avèk règleman fòmasyon leta, lè li aplikab.
 - Devlope ak sipòte anplwaye yo pou planife aktivite apwopriye ki koresponn ak bezwen devlopman patisipan yo.
 - Fè reyinyon regilye pou anplwaye yo.
 - Travay avèk anplwaye yo pou reyalize kalifikasyon ak akreditasyon kote li disponib.
 - Kote li apwopriye, devlope ak sipòte anplwaye yo pou ofri yo opòtinite edikasyonèl pou elèv adilt yo epitou pou travay avèk elèv adilt yo.
 - Ankouraje konpreyansyon ak apresyasyon pou estanda kalite pwogram ki anplas yo, evalyasyon, ak estrateji amelyorasyon pwogram nan pami anplwaye yo.

Eleman 5:

Pwogramasyon/Aktivite yo

Yon pwogram kalite ofri plizyè aktivite konplè ak opòtinite ki sipòte pwogrè ak devlopman fizik, sosyal, ak koyitif tout patisipan yo.

Yon pwogram kalite:

- *Ofri aktivite ki eksprime misyon pwogram nan.
 - Abòde bezwen akademik, fizik, sosyal ak emosyonèl tout patisipan yo.
 - *Prezante aktivite ki annamoni avèk laj ak nivo aptitud patisipan yo, epitou ki pèmèt patisipan yo devlope nouvo aptitud pandan ane pwogram nan.
 - *Ofri aktivite ki baze sou pwojè ak eksperrans ki ankouraje kreyativite ak developman lanmou-pwòp patisipan yo.
 - *Ofri bon kalite sipò akademik, avèk tou lesion patikilye ak/oswa èd nan devwadmezon.
 - *Ofri opòtinite avanse nan matyè akademik debaz yo, epitou nan boza, teknoloji, lwazi ak sante.
 - *Ajoute aktivite ki konsidere lang ak kilti patisipan yo.
 - *Mete anplas ak swiv yon orè tout anplwaye yo, patisipan yo ak fanmi yo konnen.
 - Ofri plizyè opòtinite kote patisipan yo kapab sèvi kòm modèl.
 - Entwodui opòtinite pou developman responsablité pèsonèl, direksyon pèsonèl, ak lidèchip toupatou nan pwogram nan.
 - Ofri akomodasyon rezonab ak dokiman espesyal jan sa nesesè pou jenn moun andikape yo pandan pwogram nan ak nan evènman espesyal yo.
 - Itilize divès kalite estrateji gwoup, pou aktivite ki estrikture ak aktivite ki pa estrikture yo, avèk tou moun apa, ti gwoup moun, ak gwo gwoup moun.
 - Ofri opòtinite pou aktivite deyò.
 - Ofri sipò lè timoun ak jenn moun ap fè tranzisyon nan gwoup laj ak nan klas lekòl, epi nan jou lekòl ak pwogram apre-lekòl.
 - Ofri aktivite ki devlope konpetans global nan jenn moun yo, devlope aptitud 21yèm syèk la, (pa egzanp, langaj nimerik, aptitud entè-kiltirèl, panse inovasyon, elatriye), epitou prepare yo pou kolèj, karyè, ak bon sitwayen.

Eleman 6:

Relasyon ant Lekòl Lajounen ak Pwogram Apre-Lekòl

Yon pwogram kalite genyen anplwaye li yo k ap travay nan tèt ansanm avèk anplwaye lekòl la pou asire konpozant akademik ak aktivite apre-lekòl respekte ak avanse estanda ak pwogram lekòl la.

Yon pwogram kalite:

- *Jwenn angajman resous yo (pa egzanp, espas salklas, tablo afichaj, espas pou estokaj, lokal ki gen òdinatè, ak biwo kouwòdonatè lokal la) nan men direktye lekòl la, lè li posib.
 - Toujou kominiye avèk direktye lekòl la ak administrasyon lekòl la.
 - Mete anplas bon rapò ak jounen lekòl la.
 - Entwodui pwogramasyon ki entegre ak konplete aktivite jounen lekòl la.
 - Kolabore regilyèman avèk anplwaye lekòl la konsènan itilizasyon lokal yo ak resous yo.
 - Sipòte estanda ak referans leta ak lokal pou pèfòmans.
 - Kominike avèk anplwaye ki travay pandan jounen lekòl la pou kontwole pwogrè elèv yo nan akademik ak nan konduit.
 - Afekte tan ki ase pou pwogram nan pou devwadmezon ak pou èd nan devwadmezon an.
 - Reprezante nan efò planifikasyon lekòl lokal yo.

Eleman 7: Patisipasyon/Angajman Jenn yo

Yon pwogram kalite ofri opòtinite pou jenn yo patisce nan planifikasyon, nan chwa egzèsis, epitou pou angaje nan divès kalite òf.

Yon pwogram kalite:

- *Angaje patisipan yo avèk divès kalite estrateji.
 - Gen patisipan ki pran posesyon seleksyon ak devlopman pwogram nan.
 - Pèmèt patisipan yo devlope aptitid pou yo viv, pou reziste, ak pou lanmou-pwòp avèk èd aktivite yo.
 - Bay opòtinite pou patisipan yo pou yo eksprime lide yo, enkyetid yo ak pwendvi yo,
 - Pèmèt patisipan yo egzamine resous ak pwoblèm ki nan kominote yo avèk èd pwojè ak aktivite.
 - Ankouraje patisipasyon konsistan ak aktif.
 - Ankouraje travay ekip ak respè pou lòt yo.
 - Fè patisipan yo jwe yon wòl nan devlopman pratik disiplinè yo.
 - Ankouraje patisipan yo rekrite lòt moun nan pwogram nan.
 - Pèmèt patisipan yo bay patisipasyon serye nan planifikasyon pwogram nan, egzekisyon pwogram nan, koleksyon done, ak evalyasyon.

Eleman 8: Patenarya Paran/Fanmi/Kominote

Yon pwogram kalite mete anplas yon bon relasyon avèk fanmi yo ak kominote yo pou yo kapab reyalize bi pwogram nan.

Yon pwogram kalite:

1. Ankouraje paran yo patisipe nan desizyon yo ak nan planifikasyon an.*
 2. Ankouraje fanmi yo ak kominote a patisipe nan evènman pwogram nan.
 3. Kominike avèk fanmi yo sou zafè ki konsène byennèt timoun yo.*
 4. Ofri opòtinite pou lekti ak ekriti ak eksperyans edikasyonèl ki asosye pou fanmi patisipan yo nan pwogram nan.
 5. Bay fanmi yo enfòmasyon sou resous kominote a pou satisfè bezwen yo.
 6. Devlope relasyon avèk enstitisyon boza, enstitisyon kiltirèl, ak lòt enstitisyon kominote a pou ogmante ak amelyore sa pwogram nan ofri yo.
 7. Kouwòdone aktivite devlopman amplwaye yo avèk aktivite lekòl la ak patnè kominote a.
 8. Fè koreksyon dezire avèk premye pwogram swen ak edikasyon ak moun ki konsène yo nan kominote a.

Eleman 9: Dirabilite/Pwogrè Pwogram nan

Yon pwogram kalite genyen yon vizyon/misyon ak yon plan lojik pou ogmante kapasite ki sipòte pwogrè kontini.

Yon pwogram kalite:

- *Genyen yon deskripsiyon misyon ak objektif ki ekri.
 - *Anboche manm pèsonèl ki konprann ak adopte misyon ak objektif pwogram nan.
 - Ankouraje patisipan yo, fanmi yo, anplwaye yo ak manm konsèy administrasyon an patisipe nan desizyon alontèm yo ak nan efò planifikasyon an yo.
 - Devlope yon plan alontèm pou sipòtè pwogram apre-lekòl la.
 - Jwenn resous ki nan kominate a lè li chèche sipòtè nan relasyon ak lè li devlope relasyon avèk biznis ak enstitisyon lokal yo.
 - Devlope relasyon avèk sipòtè pou kalite ak disponiblite pwogram nan, tankou lidè, biznis yo, ak ofisyèl eli kominate a.
 - Genyen yon estrateji marketing efikas ki pibliye pwogram nan ak reyalizasyon li nan lekòl la ak nan yon pi gwo kominate.

Eleman 10:

Fason pou Mezire Rezulta yo/Evalyasyon

Yon pwogram kalite genyen yon sistèm pou mezire rezulta yo epitou pou itilize enfòmasyon ki sòti nan rezulta yo pou toujou fè planifikasyon, amelyorasyon ak evalyasyon pwogram nan.

Yon pwogram kalite:

1. Genyen bi ak objektif pwogram nan ki kapab mezire epi ki annamoni avèk misyon òganizasyonèl ak bezwen ki idantifye yo.
 2. *Devlope epi/oswa planifye pou evalyasyon pwogram nan ki genyen ladan rasanblaj done alafwa sou kalite ak kantite.
 3. Itilize done objektif pou mezire pwogrè nan rezulta yo selon definisyon pwogram yo ak patisipan endividiyèl yo.
 4. Idantifye ak pataje pratik ankourajan.
 5. Fè rezime evalyasyon yo ak/oswa lòt done yo rasanble ki disponib pou publik jeneral la.
 6. Kreye yon metòd entèn pou evalye aktivite pwogram nan.
 7. Kreye yon metòd entèn pou evalye pefòmans anplwaye yo.
 8. Kreye yon metòd entèn pou evalye nivo angajman elèv yo.
 9. Ajoute remak moun ki konsène yo nan evalyasyon pwogram nan.
 10. Itilize rezulta evalyasyon an pou amelyorasyon kontini pwogram nan.

Prezantasyon Rezo Pwogram Apre-Lekòl Leta Nouyòk (NYSAN):

Rezo Pwogram Apre-Lekòl Leta Nouyòk se yon patenarya leta-prive ki deziyen pou ankouraje sekirite, aprantisaj ak bon devlopman jenn moun yo deyò salklas tradisyonèl la. Aktivite NYSAN yo deziyen pou devlope kapasite ak angajman kominote yo pou ogmante kalite ak disponiblite pwogram yo pandan orè lekòl yo p ap fonksyone. NYSAN reyini patnè toupatou nan Eta Nouyòk pou travay nan kat (4) domèn prensipal pou sipòte domèn apre-lekòl, epitou pou ankouraje plis kalite ak disponiblite opòtinite apre-lekòl, tankou avansman kalite pwogram nan, kouwòdinasyon ak amelyorasyon devlopman pwofesyonèl, mizanplas ajanda politik onivo leta, epi divilgasyon enfòmasyon yo. NYSAN fè patenarya tou avèk filyal rezo rejyonal pwogram apre-lekòl toupatou nan eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sit wèb www.nysan.org oswa rele (646) 943-8670.

Modalite Itilizasyon

Dokiman sa a se yon pwopriyete entèlektyèl Rezo Pwogram Apre-Lekòl Leta Nouyòk epitou li pwoteje anba lalwa lokal ak lalwa federal enpòtan yo. Ou kapab repwodui oswa distribiye Gid Itilizatè sa a pou itilize pou enfòmasyon ak edikasyon sèlman. Ou pa kapab fè chanjman oswa edisyon nan Gid Itilizatè a san pèmisyon ekri Rezo Pwogram Apre-Lekòl Leta Nouyòk. Si ou fè referans oswa adaptasyon pou nenpòt pati Zouti Oto-Evalyasyon Kalite Pwogram NYSAN oswa pou Gid Itilizatè a kòm yon resous pou kreye yon dokiman sanblab, tanpri bay rekonesans pou itilizasyon dokiman an (yo) nan piblikasyon ou.

Anvan ou fè referans oswa adaptasyon pou nenpòt pati Zouti Oto-Evalyasyon Kalite Pwogram NYSAN oswa pou Gid Itilizatè a, tanpri kontakte anplwaye NYSAN nan nimewo (646) 943-8670.